



APLIKASYON/RESÈTIFIKASYON POU BENEFIS KUPON POU ACHE MANJE



Èske w ap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje Sèlman?

Si w ap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje sèlman ou ka sèvi ak fòm aplikasyon kout sa a. Si w ta renmen fè aplikasyon pou lòt benefis tankou Asistans Tanporè, Asistans pou Swen Timoun, Asistans pou Enèji nan Kay oswa Medicaid, tanpri mande yon lòt fòm aplikasyon.

Ou ka sèvi ak fòm aplikasyon sa a pou fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje sèlman.

Lè w ap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje

- Ou ka voye aplikasyon an menm jou ou resevwa li a. Si w kalifye, yo pral ba w benefis apatide jou ou voye aplikasyon w lan.
- Ou ka voye yon aplikasyon anvan ou gen yon antrevi.
- Nou dwe aksepte aplikasyon w lan, si omwen, li gen non w, adrès ou (si w gen youn) ak yon siyati sou li. Enfòmasyon sa a pral fè nou konnen dat ou fè aplikasyon w lan. Men, ou dwe ranpli aplikasyon an epi ou dwe gen yon antrevi ak nou pou nou ka wè si ou kalifye.
- Ou ka fè aplikasyon epi resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje pou moun ki nan kay ou ki kalifye menmsi oumenm oswa lòt moun nan kay la pa kalifye pou resevwa benefis poutèt kondisyon imigrasyon nou. Tankou, paran ki imigran ka fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje pou pitit yo menmsi yomenm yo pa kalifye pou resevwa benefis.

Èske w bezwen Benefis Koupon pou Achte Manje touswit? Ou kapab kalifye pou resevwa Sèvis Benefis Koupon pou Achte Manje prese prese

Si tout moun nan kay ou pa fè anpil kòb oswa pa gen lajan ki rantrè ditou oswa pa gen lajan kach, **oswa** si lwaye ak depans sèvis piblik ou genyen plis pase lajan ou touche ak lajan kach ou genyen, **oswa** ou se yon migran oswa yon fèmme ki travay pa sezon ki pa fè anpil kòb oswa pa gen lajan oswa lòt resous ki rantrè ditou, ou kapab kalifye pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje sou 5 jou kalandriye a apatide dat ou fè aplikasyon pou benefis yo. Travayè sosyal ou a pral toujou revize sikonstans ou yo pou li wè si w kalifye pou resevwa sèvis prese prese lè w fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje w yo. Gen yon pwosedi ki sou plas pou fè ansòt pou tout kay, ki kalifye pou resevwa sèvis Benefis Koupon pou Achte Manje prese prese epi ki ranpli kondisyon yo, resevwa sèvis sa a.

Èske w gen difikilte pou vini kote nou pou yon randevou pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje?

Si li difisil pou ou vini nan biwo nou nan yon randevou pou fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje (akòz pa egzanp, travay, pwoblèm sante oswa pwoblèm swen timoun), ou ka fè yon lòt moun fè aplikasyon pou ou. Ou ka voye aplikasyon w lan ba nou pa lapòs oswa ou ka vin depoze li, epi nan kèk sikonstans nou kapab fè yon antrevi nan telefòn avèk ou.

Tanpri rele nou nan _____ si w bezwen fè aranjman pou yon antrevi nan telefòn.

Kesyon?

Si w gen nenpòt kesyon sou kouman pou ranpli yon aplikasyon oswa sou kalifikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje, ou ka kontakte nou nan _____ .

Anplis Aplikasyon/Resètifikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje a, fè ansòt pou yo ba w kopi:

- **LDSS-4148A - HA** : “Sa Ou Dwe Konnen sou Dwa w ak Responsablite W Yo”
- **LDSS-4148B - HA** : “Sa Ou Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal Yo”
- **LDSS-4148C - HA** : “Sa Ou Dwe Konnen Lè W Gen Yon Ijans”

BIWO ASISTANS POU MOUN ANDIKAPE AK ASISTANSTANPORÈ NAN ETA NOUYÒK

APLIKASYON/RESÈTIFIKASYON POU BENEFIS KOUAPON POU ACHE MANJE

Dat aplikasyon	Dat Antrevi	Sant/Biwo	Divizyon	Travayè sosyal	Kalite dosye	Nimewo dosye	Nimewo rejis	Vèsyon	Lifeline	<input type="checkbox"/> Fè aplikasyon <input type="checkbox"/> Resètifye	Lang
----------------	-------------	-----------	----------	----------------	--------------	--------------	--------------	--------	----------	---	------

Non : _____ Nimewo telefòn : _____ Lòt nimewo telefòn kote yo ka jwenn ou : _____
 Adrès kote w rete : _____ No. Apatman _____ Vil _____, Kòd postal nan NY _____
 Adrès kote w resevwa lèt pa lapòs (si li diferan de kote w rete) _____ No. Apatman _____ Vil _____, Kòd postal nan NY _____
 Lòt Non : _____ Èske wap : Fè aplikasyon oswa Resètifye Èske w vle resevwa avi an : Panyòl Ayisyen ak Angle oswa Angle **Sèlman**

Make non tout moun ki rete nan menm kay avèk ou menmsi yo pap fè aplikasyon. Make non pa w anvan.

	Prenon	Inisy al non batèm	Siyati	Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) moun kap fè aplikasyon an (si pa genyen ekri "OKENN")	Dat nesans	Eta sivil	Sèks F oswa G	Èske moun sa a ap fè aplikasyon?		Sa moun nan ye pou ou	Èske w achte ak/oswa fè manje ansanm ak moun sa a?		Panyòl oswa Latino?		Make W (Wi) oswa N (Non) pou chak ras*								
								Wi	Non		Wi	Non	Wi	Non	I	A	B	P	W	U			
1								<input checked="" type="checkbox"/>		oumenm	<input checked="" type="checkbox"/>												
2																							
3																							
4																							
5																							
6																							
7																							
8																							

*Kòd Etnik/Ras : I – Endyen Ameriken oswa natif natal Alaska, A – Azyatik, B – Nwa oswa Ameriken Nwa, P – Natif natal Awayi oswa Zil Pasifik W – Blan, U- Pa konnen (MA sèlman)
 Èske oumenm ak tout moun ki rete nan menm avèk kay ou se sitwayen ameriken? Wi Non si w di non, ki moun ki pa sitwayen ameriken? _____
 Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm avèk kay ou nan kache pou ajans ki fè obsève lalwa oswa poutèt akizasyon kriminel, oswa poutèt yo pa swiv kondisyon pwobasyon oswa libète sou pawòl dapre yon tribinal? Wi Non
 Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm avèk kay ou te janm pa kalifye pou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje pou magouy oswa pou vyolasyon entansyonèl pwogram la? Wi Non
 Èske oumenm oswa nenpòt moun nan kay la ap fè aplikasyon oswa ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje oswa Asistans Tanporè yon lòt kote? Wi Non
 Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm avèk kay ou avèg oswa ansent? Wi Non Si se wi, ki moun _____
 Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm avèk kay ou se yon veteran lame? Wi Non Si se wi, ki moun _____
 Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm avèk kay ou nan yon sant pou tretman dwòg oswa alkòl, nan yon kay abitasyon an gwoup Eta a sètifye oswa yon apatman Eta a sètifye kote yo bay sipò oswa ki sipèvizè? Wi Non
 Si wap resètifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje, make sou Paj 6 la kisa ki chanje depi dènye fwa ou te fè aplikasyon an oswa resètifye a (tankou ou chanje kay, fè pitit, yon lòt moun vini rete nan kay la oswa soti nan kay la).

Nou dwe aksepte aplikasyon w lan, depi li gen omwen non w, adrès ou (si w gen youn) ak siyati w nan kaz sa a.	SIYATI APLIKAN/REPRezANTAN AN	DAT LI SIYEN
--	-------------------------------	--------------

REVNI

Make **TOUT** lajan revni oumenm ak nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou rantr nan men yo. Sa vle di, men pa sèlman **apwentman, lajan yo touche poutèt yo travay pou kont yo (tankou : gadri, menajè, lajan yo touche nan men yon moun ki lwen yon chanm oswa nan men yon pansyonè) lajan sipò timoun, pansyon, benefis veteran, benefis enfimite, lajan sekirite sosyal oswa SSI, sibvansyon pou bous pou etid, lwaye oswa manje, Asistans Piblik, ak lajan yo resevwa nan men zanmi oswa fanmi.**

Non moun ki resevwa lajan	Kote lajan an soti	Kantite lè travay pa mwa	Chak konbyen fwa li resevwa lajan sa a? (<i>tankou, chak semenn, de fwa pa semenn, chak mwa</i>)	Kantite lajan li resevwa anvan dediksyon

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou gen depans pou gade timoun/depandan paske yap travay oswa yap swiv kou fòmasyon? Wi Non *Si se wi, ki moun* _____ .

Kantite lajan ki peye \$ _____ . Chak konbyen tan yo peye li (*tankou, chak semenn, chak mwa*) _____ .

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou chanje oswa kite travay li oswa lajan ki rantr nan men yo vin pi piti nan dènye 30 jou ki pase yo – mete kantite lè travay ki diminye oswa lajan ki rantr nan men li ki diminye? Wi Non

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou ap tann yon lajan ki pou vini men ou poko resevwa lajan an? Wi Non *Si se wi, eskplike sou Paj 6 la.*

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou ap resevwa yon lajan pou bezwen pèsonèl [Personal Needs Allowance (PNA)] oswa yon lajan manje? Wi Non *Si se wi, ki moun* _____ .

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou sere nenpòt lajan dapre pwogram pou sipòte tèt ou yo rele "PASS : Plan To Achieve Self Support" Administrasyon Sekirite Sosyal apwouve? Wi Non *Si se wi, ki moun* _____ .

Èske oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou ap patisipe nan yon grèv? Wi Non *Si se wi, ki moun* _____ .

RESOUS

Ki kantite lajan tout moun kap fè aplikasyon yo genyen? (*Tankou, lajan ou gen sou ou; lakay ou, kont chèk oswa epay labank, oswa lòt kote, tankou nan kont yo genyen ansanm ak lòt moun*) \$ _____ Kont lan se pou _____ .

Lòt byen finansye? (*tankou, aksyon, bon, kont pansyon, kont epay, fon mityèl, IRAs, fond rezèv, sètifika lajan*) Wi Non

Si se wi, ki kantite \$ _____ Kalite _____ Pwopriyetè _____ .

Konbyen machin, kamyon oswa lòt machin oumenm oswa lòt moun nan kay la genyen?

___ #1 Ane ___ Mak _____ Modèl _____ Pwopriyetè _____

___ #2 Ane ___ Mak _____ Modèl _____ Pwopriyetè _____

Èske oumenm oswa nenpòt moun kap fè aplikasyon gen byen, menm si se pwòp kay pa ou? Wi Non *Si se wi, make byen yo _____ Pwopriyetè _____*

Èske gen nenpòt nan moun kap fè aplikasyon yo ki vann, fè kado oswa transfere lajan oswa byen nan dènye twa mwa ki pase yo pou yo kapab kalifye pou Benefis Koupon pou Achte Manje? Wi Non

ARANJMAN POU KAY AK DEPANS POU VIV

Tcheke tout deskripsyon ki valab pou moun ki nan kay ou :

Pwopriyetè kay oswa ap peye pou kay la nan lwaye Migran/fèmeye ki travay pa sezon Pa gen kay pèmanan Rete kay fanmi oswa zanmi

Make depans yo :

Peman lwaye oswa ipotèk chak mwa \$ _____ Taks sou kay chak ane \$ _____ Asirans sou kay chak ane \$ _____ .

Èske w peye pou chofaj apa? Wi Non *Si se wi, di ki kalite chofaj li ye :* Gaz Elektrik Lwil Bwa Chabon Pwopàn Lòt (*make*) _____ .

Non konpayi chofaj la _____ Nimewo kont konpayi chofaj la _____

Ou ka sèvi ak paj 6 la si w bezwen plis plas oswa si gen lòt enfòmasyon ou panse nou ta ka bezwen.

Ale nan paj 3

5

6

7

ARANJMAN POU KAY AK DEPANS POU VIV (Swit)

Èske w peye pou èkondisyone, swa nan bòdwo kouran w oswa separeman? Wi Non

Èske w peye apa pou sèvis piblik (*ki pa chofaj/klimatizè*)? Wi Non (*tankou, limyè, gaz pou fè manje, lajan machin pou lave/seche rad, fatra/poubèl, dlo, premye enstalasyon sèvis piblik*).

Èske gen lòt moun ki peye nenpòt nan depans sa yo pou ou (*tankou pwogram Seksyon 8 oswa lòt pwogram sibvansyon*)?

Wi Non *Si se wi, ki moun ki peye epi kisa moun nan peye?* _____

Èske oumenm oswa nenpòt kap viv avèk ou peye lajan sipò pou timoun dapre yon lòd tribinal? Wi Non *Si se wi, ki moun* _____

Non timoun (yo) yap peye lajan pou sipòte a _____

Kantite lajan ki peye \$ _____ Chak konbyen tan lajan an peye (*tankou, chak semenn, chak 2 semenn, chak mwa*) _____

Èske oumenm, ak/oswa nenpòt moun kap viv avèk ou, avèg/andikape oswa gen omwen 60 an? Si genyen, èske moun sa a gen depans medikal? Wi Non *Si se wi, make sou paj 6 la ki depans yo ye, konbyen lajan epi ki moun ki responsab pou peye yo.*

Èske oumenm, ak/oswa nenpòt moun kap viv avèk ou, ap resevwa Medicaid, baze sou yon montan ki depase montan kalifikasyon an (*spendown*) Wi Non *Si se wi, kilès moun sa a ye* _____ Montan (\$) _____

Èske oumenm, ak/oswa nenpòt moun kap viv avèk ou (*ki gen 16 an oswa plis*) al lekòl oswa ap swiv kou fòmasyon? Wi Non *Si se wi, ki moun* _____ *ki kote* _____

Ou ka sèvi ak paj 6 la si w bezwen plis plas oswa si gen lòt enfòmasyon ou panse nou ta ka bezwen.

LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI PI BA LA A

AVÈTISMAN SOU SANKSYON POU BENEFIS KOUPOU POU ACHE MANJE (FS) – Otorite lokal, federal ak leta pral verifye nenpòt enfòmasyon ou bay an koneksyon ak aplikasyon ou fè pou FS. Si nenpòt nan enfòmasyon an pa kòrèk, yo ka refize w ba w FS. Yo ka pouswiv ou pou krim lajistis poutèt ou te fè espere ou bay move enfòmasyon.

Ou pap **janm** ka resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje (FS) ankò si yon tribinal deklare w koupab pou dezyèm fwa poutèt ou te fè echanj FS pou w te ka achte oswa ou vann sibstans ki sou kontwòl (dwòg ilegal oswa kèk medikaman ki egzije preskripsyon yon doktè); **oswa** yon tribinal deklare w koupab devan lalwa paske w te fè echanj FS pou w te ka vann oswa jwenn zam, minisyon oswa esplozif; **oswa** yon tribinal deklare w koupab paske ou fè trafik FS ki vo \$500 oswa plis. Fè trafik vle di itilize, transfere, pran kontwòl, modifye oswa posede FS, kat otorizasyon oswa aparèy ki bay aksè a FS ilegalman; **oswa** yon tribinal deklare w koupab poutèt ou komèt yon twazyèm Volyasyon Entansyonèl nan Pwogram nan [Intentional Program Violation (IPV)].

Ou pap kapab resevwa benefis FS pandan de (2) ane, si se premye fwa yon tribinal deklare ou koupab paske ou te fè echanj FS pou ou te ka achte oswa vann sibstans ki sou kontwòl (dwòg ilegal oswa kèk medikaman ki mande preskripsyon yon doktè)

Si w fè : ■ Premye IPV, ou pap ka resevwa FS pou yon ane. ■ Dezyèm IPV, ou pap ka resevwa FS pou de (2) ane.

Yon tribinal ka defann ou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje pou 18 mwa anplis. Si w fè move deklarasyon sou kiyès ou ye oswa sou kote ou rete pou w ka jwenn plizyè FS, ou pap ka resevwa FS pou dizan (10 an) (oswa **pou tout tan** si se twazyèm IPV ou fè a).

Yo ka deklare ou koupab pou yon IPV, si w fè yon deklarasyon pou twonpe moun, oswa si ou mal prezante detay yo, ou cache detay yo oswa ou pa bay kèk detay; **oswa** ou komèt nenpòt zak ki yon vyolasyon lalwa federal oswa lalwa Eta kote ou rete a pou ou ka itilize, prezante, transfere, gen kontwòl, resevwa, posede oswa fè trafik kupon yo, kat otorizasyon oswa dokiman ki kapab itilize ankò epi ki fè pati sistèm Transfè Elektwonik pou Benefis la [Electronic Benefit Transfer] (EBT).

Yo ka fè w peye yon amann ki ka koute jiska \$250,000, oswa yo ka mete w nan prizon pou jiska 20 an, oswa toude.

LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI PI BA LA A (swit)

KONSANTMAN – Mwen konprann lè mwen siyen fòm aplikasyon sa a, mwen dakò pou Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite Eta Nouyòk la ak distrik sèvis soysal lokal la fè nenpòt investigasyon pou verifye oswa pou konfime enfòmasyon mwen bay la oswa nenpòt lòt investigasyon yo fè ki gen rapò ak demann mwen fè pou Benefis Koupon pou Achte Manje a. Si yo mande plis enfòmasyon, mwen va bay li. Mwen va kolabore ak anplwaye Leta ak anplwaye Federal ki nan Depatman ki fè Revizyon Kontwòl Kalite pou Koupon pou Achte Manje a.

ENFÒMASYON SOU LAJAN POU SÈVIS PIBLIK NÒMAL [SUA (STANDARD UTILITY ALLOWANCE)] – Mwen konprann moun ki ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje (FS) nan kategori moun ki kalifye pou Pwogram Asistans pou Enèji Lakay [Home Energy Assistance Program] (HEAP) dapre salè yo. Si mwen pa nan peman otomatik anyèl HEAP ki genyen pou kèk moun ki resevwa FS, mwen gen entansyon pou mwen fè aplikasyon pou yon benefis HEAP nan pwochen 12 mwa kap vini yo. Si mwen deside pou mwen pa fè aplikasyon pou HEAP anvan 12 mwa pase, mwen va mete travayè sosyal mwen an okouran sa.

ENFÒMASYON SOU ALOKASYON POU TELEFÒN – Mwen byen konprann moun k ap resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje yo kalifye pou resevwa yon alokasyon pou telefòn si yo peye pou yo itilize yon telefòn lakay yo, yon telefòn selilè, yon kat telefòn oswa telefòn ki pran lajan monnen. Si li pa koute mwen anyen pou mwen fè koutfil mwen yo, mwen va fè travayè sosyal mwen konn sa.

CHANJMAN – Mwen dakò pou mwen fè ajans la konnen **touswit** nenpòt chanjman ki fèt nan sa mwen bezwen, lajan mwen touche, byen mwen, aranjman sou kote pou mwen rete oswa adrès mwen dapre sa mwen konnen ak sa mwen kwè epi dapre obligasyon mwen genyen pou mwen rapòte chanjman sa yo.

OBLIGASYON POU RAPÒTE/VERIFYE DEPANS NAN KAY – Mwen byen konprann moun ki lakay mwen yo dwe rapòte depans pou swen timoun ak pou sèvis piblik, pou yo ka resevwa yon dediksyon Benefis Koupon pou Achte Manje (FS) pou depans sa yo. Anplis, mwen byen konprann tou moun ki lakay mwen yo dwe rapòte epi verifye peman lwaye/ipotèk, taks sou pwopriyete, asirans, depans medikal ak lajan sipò pou timoun yo peye yon moun ki pa nan kay la pou yo ka resevwa yon dediksyon FS pou depans sa yo. Mwen byen konprann lè mwen pa rapòte/verifye depans sa yo ki make pi wo a, sa pral vle di mwen/nou pa vle resevwa yon dediksyon pou depans sa yo ki pa rapòte/pa verifye yo. Yon dediksyon pou depans sa yo ka fè mwen kalifye pou FS oswa sa ka ogmante FS mwen. Mwen byen konprann mwen ka rapòte/verifye depans sa yo nenpòt ki lè nan lavni. Lè sa a, yo pral aplike dediksyon sa a pou kalkile FS nan mwa kap vini yo selon règleman pou swiv pou chanjman ki rapòte yo ak pwosede pou chanjman yo.

DEKLARASYON LALWA SOU VI PRIVE – LÈ NOU RANMASE EPI NOU SÈVI AK NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (SSNs) - Dapre Lalwa 1977 sou Koupon pou Achte Manje a (Food Stamp Act of 1977) (dapre chanjman ki te fèt nan lalwa sa a, 7 US Code 2011-2036) nou gen dwa pou nou pran nimewo sekirite sosyal chak moun nan yon kay ki gen Benefis Koupon pou Achte Manje. Nou pral sèvi ak enfòmasyon nou kolekte a pou nou deside si moun lakay ou yo kalifye oswa kontinye kalifye pou resevwa benefis. Nou pral verifye enfòmasyon sa a sou pwogram òdinatè nou yo. Nou pral sèvi ak enfòmasyon sa a pou nou kontwole si w swiv règleman pwogram yo epi pou nou ka jere pwogram yo. Nou pral sèvi ak enfòmasyon sa a pou nou verifye idantite, pou nou verifye lajan yon moun touche nan travay ak lajan yon moun touche san se pa nan travay, pou nou ka detèminen si moun ki fè aplikasyon pou benefis yo oswa moun kap resevwa benefis yo ka jwenn lajan oswa lòt èd. Nou ka montre ajans lòt Eta oswa ajans Federal enfòmasyon sa a pou yo ka egzaminen enfòmasyon an ofisyèlman epi nou ka bay otorite ki fè obsève lalwa yo enfòmasyon an pou yo kenbe moun kap sove pou evite al lajistis

Si w pa gen yon SSN epi w bezwen jwenn youn, distrik sèvis sosyal la ka sèvi ak enfòmasyon ou bay la pou yo jwenn youn pou ou.

KONDISYON IMIGRASYON/SITWAYÈNTE – Mwen sèmante epi/oswa mwen fè konnen, sou pèn fo temwayaj, enfòmasyon mwen bay sou sitwayènte ak kondisyon imigrasyon pou mwenmenm ak tout moun ki rete nan menm kay avèk mwen yo se laverite epi enfòmasyon an kòrèk. Mwen byen konprann yo ka tcheke ak Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte nan Etazini (United States Citizenship and Immigration Services) pou verifye si nenpòt enfòmasyon mwen bay sou kondisyon imigrasyon nenpòt moun kap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje, se enfòmasyon ki otantik.

LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI ANBA EPI SIYEN PI BA LA A (swit)

AVI POU PA FÈ DISKRIMINASYON – Dapre lalwa Federal ak règleman Depatman Agrikilti nan Etazini [U.S. Department of Agriculture (USDA)], enstitisyon sa a pa gen dwa fè diskriminasyon poutèt ras, koulè, peyi kote moun soti, si se fanm oswa gason, laj, relijyon, kwayans politik, oswa enfimite. Pou pote yon plent poutèt diskriminasyon, ekri yon lèt voye bay USDA, Director, Office of Civil Rights, Room 326-W, Whitten Building, 1400 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20250-9410 oswa rele (202) 720-5964 (nimewo telefòn pou pale ak moun epi nimewo telefòn TDD pou moun ki soud oswa ki pa tande byen tou). USDA se yon òganizasyon ki bay tout moun opòtinite egal nan travay.

8

REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON – Ou ka bay yon moun, ki konnen sityasyon moun lakay ou yo, otorizasyon pou li fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje pou ou. Ou ka bay yon lòt moun tou ki pa nan kay la otorizasyon pou li pran FS pou ou oswa otorizasyon pou li sèvi ak koupon FS yo pou li achte manje pou ou. Si w ta renmen bay yon moun otorizasyon, ekri non moun nan an lèt majiskil, adrès li ak nimewo telefòn li nan espas ki pi ba la.

Lè yon Reprèzantan ki Gen Otorizasyon ap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje pou moun nan yon kay ki pa rete nan yon enstitisyon, toulède, ni Reprèzantan ki Gen Otorizasyon an ni moun ki chèf fanmi kap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje a, dwe siyen epi mete dat la nan seksyon siyati ki nan fen paj sa a.

LIFELINE: Pou moun kap fè aplikasyon/resewva Benefis Koupon pou achte manje : Biwo Asistans pou Moun Andikape ak Asistans Tanporè a otorizasyon ka bay konpayi ki ba w sèvis telefòn lan non ou ak adrès ou, ak nimewo telefòn ou tankou li ka pa bay non ou ak adrès ou tou. Konpayi ki ba w sèvis telefòn nan ka sèvi ak enfòmasyon sa a pou li enskri w nan Sèvis Lifeline yo a pou w ka jwenn yon rabè sou tarif telefòn ou tankou li ka pa itilize enfòmasyon an.

Si w pa vle yo bay enfòmasyon sa a, make kazyè sa a

9

Ou ka kontakte konpayi ki ba w sèvis telefòn nan drèkteman pou w ka enskri nan Sèvis Lifeline yo a pou w ka jwenn yon rabè sou tarif telefòn ou. Moun kap fè aplikasyon oswa ki resewva Medicaid sèlman yo dwe kontakte konpayi ki ba yo sèvis telefòn nan dirèkteman pou yo ka enskri nan Sèvis Lifeline ki bay rabè sou tarif telefòn nan.

RESÈTIFIKASYON : Mwen sèman epi/oswa mwen deklare, sou pèn fo temwayaj, enfòmasyon mwen bay oswa mwen pral bay distrik Sèvis Sosyal lokal la se yon enfòmasyon ki kòrèk.

SIYATI MOUN KAP FÈ APLIKASYON AN	DAT LI SIYEN	SIYATI MADANM/MARI	DAT LI SIYEN
X		X	
SIYATI REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON AN	DAT LI SIYEN		
X			

SI W AP FÈ APLIKASYON SA A POU YON Lòt MOUN, ANTANKE REPREZANTAN KI GEN OTORIZASYON MOUN NAN, EKRI NON OU AK ADRÈS OU NAN ESPAS KI PI BA LA A AN LÈT MAJISKIL. OU KA EKRI NIMEWO TELEFÒN OU TOU, SI W VLE

Non _____ Adrès _____ Telefòn _____

SI W TE EDE RANPLI APLIKASYON/RESÈTIFIKASYON SA A POU YON Lòt MOUN, EKRI NON OU AK ADRÈS OU NAN ESPAS KI PI BA LA A AN LÈT MAJISKIL. OU KA EKRI NIMEWO TELEFÒN OU TOU, SI W VLE.

Non _____ Adrès _____ Telefòn _____

10

Sèvi ak espas sa a pou bay enfòmasyon anplis :

Ki moun : _____ *Eskplikasyon :*

11

Ki moun : _____ *Eskplikasyon :*

Ki moun : _____ *Eskplikasyon :*

MWEN DAKÒ POU MWEN RETIRE APLIKASYON/RESÈTIFKASYON MWEN AN. Mwen konprann mwen ka fè yon aplikasyon ankò nenpòt ki lè. (I **CONSENT TO WITHDRAW MY APPLICATION.** I understand that I may reapply at any time.)

12

SIYATI (SIGNATURE)

DAT (DATE)

For Agency Use Only

Eligibility Determined by _____ Date _____

Signature of Person Who Obtained Eligibility Information : _____ Date _____

Employed by : Social Services District Provider Agency (can provider agencies determine FS eligibility?)

(Specify) _____

Reason ____/____/____ Withdrawal Denial Recert. Closing

Eligibility Approved by _____ Date _____


FS Authorization Period : From _____ To _____

Comments :

NYS Agency-Based Voter Registration Form

ESTE FORMULARIO ESTÁ DISPONIBLE EN ESPAÑOL

本表格有中文文本



VOTER REGISTRATION FORM

"If you are not registered to vote where you live now, would you like to apply to register here today?"

YES (If you check yes, please complete **VOTER REGISTRATION APPLICATION** at bottom of page)

NO because I choose not to register OR

I am already registered at my current address OR

I asked for and received a mail registration form.

If you do not check any box, you will be considered to have decided not to register to vote at this time.

(Signature) _____

_____/_____/_____
(Date)

(Please Print Name) _____

IMPORTANT!

Applying to register or declining to register to vote will not affect the amount of assistance that you will be provided by this agency.

If you would like help filling out the voter registration application form, we will help you. The decision whether to seek or accept help is yours. You may fill out the application form in private.

If you believe that someone has interfered with your right to register or to decline to register to vote, your right to privacy in deciding whether to register or in applying to register to vote, or your right to choose your own political party or other political preference, you may file a complaint with *New York State Board of Elections, 40 Steuben Street, Albany, New York 12207-2109.*

Tele: 1-800-469-6872, TTY 1-800-533-8683; or visit our web site - www.elections.state.ny.us

Your decision to register will remain confidential and will be used only for voter registration purposes. Anyone not choosing to register to vote and/or information regarding the office to which the application was submitted will remain confidential, to be used only for voter registration purposes.

Qualifications for Registration

You Can Use This Form To:

- register to vote in New York State
- change your name and/or address, if there is a change since you last voted
- enroll in a political party or change your enrollment

To Register You Must:

- be a U.S. citizen
- be 18 years old by December 31 of the year in which you file this form (note: you must be 18 years old by the date of the general, primary, or other election in which you want to vote.)
- be a resident of the County, or of the City of New York at least 30 days before an election.
- not be in jail or on parole for a felony conviction
- not claim the right to vote elsewhere

VOTER REGISTRATION APPLICATION (instructions on back)

NVRA-05 (10/03)

Yes, I need an application for an Absentee Ballot **Please print or type in blue or black ink** Yes, I would like to be an Election Day worker

1	Are you a U.S. citizen? Yes <input type="checkbox"/> No <input type="checkbox"/>		2	I will be 18 years old on or before election day: Yes <input type="checkbox"/> No <input type="checkbox"/>		For Board use only!	
	If you answered NO, do not complete this form.			If you answered NO, do not complete this form, unless you will be 18 by the end of the year.			
3	Last Name		First Name		Middle Initial		Suffix
4	Address Where You Live (do not give P.O. address)				Apt. No.	City/Town/Village	Zip Code County
5	Address Where You Get Your Mail (if different from above)				P.O. box, star rte., etc.	Post Office	Zip Code
6	Date of Birth	7	Sex (circle) M F	8	Home Tel. Number (optional)		9 ID Number - Check the applicable box and provide your number <input type="checkbox"/> New York Driver's License Number <input type="checkbox"/> Last four digits of your Social Security number <input type="checkbox"/> I do not have a New York driver's license number or a Social Security number.
10	The last year you voted		Your Address was (give house number, street, and city)				
	In county/state		Under the name (if different from your name now)				
11	Choose a Party — Check one box only			12	AFFIDAVIT: I swear or affirm that • I am a citizen of the United States. • I will have lived in the county, city, or village for at least 30 days before the election. • I meet all requirements to register to vote in New York State. • This is my signature or mark on the line below. • The above information is true. I understand that if it is not true I can be convicted and fined up to \$5,000 and/or jailed for up to four years. ↓ Signature or mark ↓ X _____ Date		
	<input type="checkbox"/> REPUBLICAN PARTY <input type="checkbox"/> DEMOCRATIC PARTY <input type="checkbox"/> INDEPENDENCE PARTY <input type="checkbox"/> CONSERVATIVE PARTY <input type="checkbox"/> WORKING FAMILIES PARTY <input type="checkbox"/> OTHER (write in) _____ <input type="checkbox"/> I DO NOT WISH TO ENROLL IN A PARTY						

Please do not write in this space

TO COMPLETE THIS FORM:

Box 1: Must be completed. If you answer NO, do not complete this form.

Box 2: Must be completed, however if you check NO, do not complete this form UNLESS you are a New York resident who will be 18 by the end of this year.

Box 4: Give your home address.

Box 5: Give your mailing address if it is different from your home address (post office box no., star route or rural route no., etc.)

Box 8: The completion of this box is optional.

Box 9: Must be completed. If you have a current New York driver's license, you must provide that number. If you do not have a current New York driver's license, you must provide the last four digits of your social security number.

Box 10: If you have never voted before, write "None." If you can't remember when you last voted, put a question mark (?). If you voted before under a different name, put down that name. If not, write "Same."

Box 11: In order to vote in a party primary, you must be enrolled in one of New York's 5 constituted parties. Check one box only.

Box 12: This application must be signed and dated in ink.